

# DEPATMAN RESOUS EKONOMIK AK RÈGLEMANTÈ

Konfòmite a Kòd Komen Defi pou Pwopriyete  
Rezidansyèl nan Konte Miami-Dade ki pa enkòpore

Depatman Resous Ekonomik ak Règlemantè Miami-Dade (Miami-Dade Regulatory and Economic Resources Department) angaje l pou l bay piblik la sèvis, pou l fè sa, li asire l gen konfòmité anplas pou tout kòd ak règleman aplikab yo, defason pou kenbe tout katye yo san danje e pou amelyore kalite vi kominate a.

Pou enfòmasyon adisyonèl sou pwopriyete ki lib, ki vid, e ki abandone...

- Rele Divizyon Règleman Katye a (Neighborhood Regulations Division) nan (786) 315-2552
- Rele nan 3-1-1 pou Sant Repons Konte Miami-Dade la
- Ale sou sit Entènèt la nan [www.miamidade.gov/building](http://www.miamidade.gov/building)

Pou rapòte nenpòt vyolasyon nan kòd katye a, tanpri, rele nan 3-1-1 oswa ekri yon lèt epi voye l pa imèl nan [311@miamidade.gov](mailto:311@miamidade.gov).

Bwochi sa a se yon gid jeneral li ye e li pa gen priyrite sou Kòd Òdonans Konte Miami-Dade la.

Rele Depatman Lapolis Miami-Dade pou rapòte woulibè ki rete sou pwopriyete ki vid yo nan (305) 994-1000.



Carlos A. Gimenez, Majistra

## ASANBLE KOMISYONÈ KONTE

Jean Monestime, Prezidan; Esteban Bovo, Jr., Vis Prezidan;  
Barbara J. Jordan, Distrik 1; Jean Monestime, Distrik 2;  
Audrey M. Edmonson, Distrik 3; Sally A. Heyman, Distrik 4;  
Bruno A. Barreiro, Distrik 5; Rebeca Sosa, Distrik 6; Xavier L. Suarez,  
Distrik 7; Daniella Levine Cava, Distrik 8; Dennis C. Moss, Distrik 9;  
Sen. Javier D. Souto, Distrik 10; Juan C. Zapata, Distrik 11;  
José "Pepe" Diaz, Distrik 12; Esteban Bovo, Jr., Distrik 13

Harvey Ruvin, Grefye Tribunal yo; Pedro J. Garcia, Evalyatè Pwopriyete;  
Robert A. Cuevas Jr., Avoka Konte

Konte Miami-Dade bay aksè egal ak opòtiinité egal nan anplwa ak nan  
sèvis e li pa diskrimine poutèt andikap.

"Se règleman Konte Miami-Dade pou l konfòmè l a tout ekzijans Lwa ki  
konsène Ameriken ki gen Andikap yo (Americans with Disabilities Act)."

355-1415-158

Yo ka akode tan adisyonèl pou konfòmè a règleman an nan  
Avètisman Koutwazi yo. Tanpri Kontakte biwo Règleman Katye a  
(Neighborhood Regulations) pou mande pou yon ekstansyon.



NEIGHBORHOOD REGULATIONS  
11805 SW 26th Street, Suite 230  
Miami, FL 33175-2464  
Lendi - Vandredi  
7:30 am – 4:00 pm  
Esepte jou fèt



Pou pwoteje sante, sekirite, moral ak byennèt piblik la, se pou yo sekirize tout tan, tout pwopriyete ki vid yo. Se pou chak pwopriyete vid satisfè ekzijans swivan yo:

- ✓ Fòk fondasyon ak mi yo gen estrikti ki solid e se pou yo toujou kenbe yo an bòn kondisyon.
- ✓ Fòk fenèt ak pòt eksteryè yo gen bonjan pwoteksyon kont move tan ak kont bêt wonjè.
- ✓ Fòk yo kenbe eskalye eksteryè ak glari yo an bòn eta.
- ✓ Fòk tout koneksyon sèvis piblik yo san defo, fòk yo pa dekonekte, fòk yo pa retire yo e fòk yo san danje.
- ✓ Fòk akseswa plonbri, tiyo dlo, konduit evakyasyon, ak egou yo san defo, san fuit, epitou fòk pa gen any en ki bouche yo.

- ✓ Fòk yo kenbe mi eksteryè ak twati yo an bòn eta.
- ✓ Fòk yo mete sab nan pisin yo oswa klotire yo pou sekirize yo, konfòmeman ak Seksyon 33-12 nan Kòd Òdonans Konte Miami-Dade la.
- ✓ Fòk yo antretni kòrèkteman ak pwoteje kont eleman tout sifas eksteryè ki ka deteryore; pou fè sa se pou yo aplike penti oswa lòt kouch pwoteksyon ki apwouve.
- ✓ Fòk yo repare oswa ranplase pati eksstasyè ki endike deteryorasyon. Pwopriyetè oswa jesyonè imobilye yon kay ki vid, ki lib e ki abandone, fèt pou pran mezi imedya pou l sekirize pwopriyete ki vid la, yon fason pou diminye kondisyon danje yo, depi li aplike metòd konstriksyon ki satisfè ekzijans Kòd Konstriksyon Florida.
- ✓ Metòd sekirite yo chwazi a fèt pou l anpeche pwopriyete a vin lib ankò.
- ✓ Pwopriyete ki vid e ke yo òdone ki sekirize tanporèman, se pa pwopriyete pou yo itilize ni okipe toutotan otorite konpetan an pa bay otorizasyon alekri l.

✓ Nan okenn ka se pa pou pwopriyete ki lib la rete sekirize avèk blòk beton, pèsyèn pwoteksyon kont move tan, oswa materyèl sanblab pou pliske 180 jou; amwenske yo pwolonje jou yo konfòmeman ak Kòd Konstriksyon Florida a.

Se pwopriyètè a k ap responsab pou peye pou tout depans Konte Miami-Dade fè pou l respekte dispozisyon nan Chapit 17A, epitou pwopriyètè a ap responsab pou l peye pou frè enspeksyon, frè pou sekirize estrikti lojman ki vid la, frè pou preparasyon rapò, frè pou pran foto, frè pou rechèch tit pwopriyete, frè postal ak lòt frè administratif pou ranfòsman ak koleksyon, lèfini ka gen lòt frè toujou nou pa site la a k ap sou responsabilite pwopriyètè a.